

COVID-19: FAQ pou Bilding Rezidansyèl yo

Dokiman sa a bay repons pou pwopriyetè ak direktè bilding rezidansyèl yo sou kesyon moun poze souvan sou COVID-19. Pou enfòmasyon an detay sou Re-ouvèti NYC a, konsilte "[Reopening New York City: Frequently Asked Questions](#)" (Re-ouvèti Vil New York: Kesyon Moun Poze Souvan yo), oswa vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chèche "Reopening NYC" (Re-ouvèti NYC).

Kenbe nan lespri ou kat mezi prensipal sa yo pou anpeche transmisyon COVID-19:

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad oswa te gen kontak avèk yon moun ki te malad nan 14 jou pase yo, amwenske ou ap sòti pou swen sante medikal esansyèl yo (gen ladan tès) oswa lòt komisyon esansyèl yo.
- **Kenbe distans fizik:** Rete omwen yon distans 6 pye ant ou menm ak lòt moun yo.
- **Kenbe men ou pwòp ak swiv pwotokòl sou netwayaj yo:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan omwen 20 segonn, espesyalman apre ou fin itilize twalèt la, mouche nen ou, touse oswa etènye. Itilize yon dezefektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl si savon ak dlo pa disponib. Evite touche figi ou avèk men ou ki pa lave. Kouvri touse ou ak etènye ou avèk manch rad ou, pa avèk men ou. Netwaye sifas yo touche souvan yo regilyèman.
- **Mete yon kouvèti pou figi:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, etènye oswa pale. Pote kòrèkteman kouvèti pou figi gendwa ede redwi pwopagasyon COVID-19. Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/facecoverings.

Rete Lakay Ou Si Ou Malad

Kilè anplwaye bilding ke yo te sispèk oswa yo te konfime ki gen COVID-19 retounen travay?

Baze sou direktiv Re-ouvèti Eta New York (NYS) la, pifò anplwaye ki te an konje paske yo te malad pa ta dwe retounen nan travay jiskaske **tout** sa ki annapre yo vre:

- Sa fè omwen 14 jou depi sentòm yo a te kòmanse, **oswa** si okenn sentòm pa devlope, 14 jou apre premye tès pozitif yo.
- Yo pat genyen yon lafyèw pandan twa jou pase yo san itilizasyon medikaman pou redwi lafyèw yo, tankou Tylenol oswa ibipwofèn (tankou Advil oswa Motrin).
- Sante jeneral yo amelyore.

E si anplwaye bilding lan pa fè rapò bay travay la?

Pwopriyetè bilding yo ak direktè pwopriyete yo kapab konsidere pou jwenn anplwaye an sipò oswa mande volontè rezidan yo pou ede avèk tach yo jan sa nesèsè, tankou livrezon pake yo, ak netwayaj ak dezenfeksyon woutin yo. Yo dwe ankouraje distans fizik tout tan.

Èske yon anplwaye ki te nan konje maladi oblije jwenn yon tès COVID-19 avan li retounen travay?

Non, pa gen okenn egzijans tès pou retounen travay. Sepandan, NYC rekòmande pou tout moun New York resevwa tès dyagnostik COVID-19 menm si yo genyen sentòm oswa pa genyen oswa si yo gen plis risk. Rekòmandasyon aktyèl yo pa deklare pou moun ki te teste pozitif avan yo ta reteste, amwenske direktiv sante piblik oswa pwofesyonèl swen sante yo konseye yo fè sa.

Èske administrasyon bilding yo ta dwe alète ofisyèl sante piblik yo si yon travayè teste pozitif pou COVID-19?

Direktiv NYS la egzije anplwaye yo avèti ofisyèl sante piblik yo si yo aprann yon ke yon anplwaye se yon ka konfime oswa sispèk. Si anplwayè yo swete fè rapò dirèkteman bay otorite sante piblik yo, yo kapab voye yon imèl bay NYC Test & Trace Corps (Divizyon pou Tès ak Tras NYC) nan CovidEmployerReport@nychhc.org.

Tanpri remake ke pwogram NYC Test & Trace la pral sèlman fè swivi sou ka konfime yo epi li pap reponn ak rapò li te resevwa atravè imèl sa a. NYC ap reyalize trasaj kontak ki baze sou ka konfime yo te rapòte atravè yon sistèm laboratwa elektwonik solid pou rapòtaj.

Èske vil la pral alète pwopriyetè oswa rezidan yo si yon moun nan bilding lan malad oswa teste pozitif pou COVID-19?

Non, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York pa pral alète sou rapò maladi oswa ka pozitif yo bay pwopriyetè oswa rezidan bilding yo. NYC Test & Trace Corps pral tante fè entèvyou ak tout moun yo dyagnostike ak COVID-19 pou idantifye kontak sere ki te potansyèlman ekspoze yo. Yo pral bay lòd pou kontak sere sa yo teste epi izole dapre ekspozisyon yo.

Si yon moun enkyete dèske yo te gendwa ekspoze ak yon ka, men NYC Test & Trace Corps la pa te kontakte moun lan, moun lan ka pale ak pwofesyonèl swen sante li a pou diskite sou opsyon tès COVID-19 oswa vizite [testandtrace.nyc](https://www.testandtrace.nyc.gov).

Kenbe Distans Fizik

Èske anplwaye bilding lan dwe pratike distans fizik nan travay?

Wi, anplwaye bilding lan ta dwe pratike distans fizik, nan kenbe omwen 6 pye distans youn ak lòt chak fwa sa posib. Yo ta dwe pote kouvèti pou figi lè yo pa ka kenbe yon distans omwen 6 pye. Pou evite ankonbreman, limite kantite moun ki nan asansè a an menm tan. Moun yo ta dwe konsidere monte nan asansè yo avèk pwòp ekip pa yo, pran eskalye a oswa tann pwochen asansè a.

Kenbe Men ou Pwòp epi Swiv Pwotokòl pou Netwayaj yo

Kisa pwopriyetè, direktè bilding yo ak anplwaye mentnans yo kapab fè pou ankouraje ijyèn men pwòp ak ede anpeche pwopagasyon COVID-19 la?

- Anplwaye bilding yo ta dwe asire ke evye pou lave men yo nan espas komen yo genyen dlo potab pwòp, savon ak sèvyèt papye tout tan.
- Konsidere genyen dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl nan espas komen yo (pa egzanp, lòbi yo, twalèt yo, sal lesiv yo, antre ak sòti yo, ak asansè yo) pou ankouraje ijyèn men pwòp pami okipan bilding yo.
- Mete postè sou lavaj men nan twalèt yo ak lòt espas komen yo jan sa nesèsè. Vizite nyc.gov/health/coronavirus epi chèche "**Posters and Flyers**" (Postè ak Depliyàn), kote ou kapab jwenn "Wash Your Hands Poster for Adults" (Postè sou Lave Men pou Granmoun) ki disponib nan plizyè lang.

Konbyen fwa anplwaye mentnans bilding lan ta dwe netwaye espas komen yo, tankou lòbi, twalèt oswa sal lesiv yo?

- Anplwaye mentnans yo ta dwe reyalize netwayaj ak dezenfeksyon regilye omwen chak jou.
 - Yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan zouti pataje yo (tankou zouti yo) ak sifas yo touche anpil yo (tankou manch pòt yo, ranp eskalye yo, bouton asansè yo, entriptè limyè yo, biwo resepsyon yo, pòt tremi yo, plak pou pouse ak rale yo, bwat lèt yo ak ekipman yo), nan espas moun pase anpil yo oswa espas pataje yo (tankou twalèt yo, lòbi yo, asansè yo, sal lesiv ak sal pou lèt yo).
- Konsilte "[General Guidance for Cleaning and Disinfection for Non-Health Care Settings](#)" (Direktiv Jeneral pou Netwaye ak Dezenfekte Anviwònman ki pa Anviwònman Sante yo) nan nyc.gov/health/coronavirus pou enfòmasyon sou fason pou netwaye ak dezenfekte sifas yo, ak dezenfekte zouti yo tankou mòp yo ak twal yo, ansanm ak yon echantiyon rejis netwayaj pou respekte konfòmite ak egzijans Vil la ak NYS la.
- Anplwaye bilding lan ta dwe lave men yo souvan avèk savon ak dlo pandan owen 20 segonn, espesyalman apre netwayaj yo. Yo ta dwe itilize dezenfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl si savon ak dlo pa disponib.

Pote yon Kouvèti pou Figi

Èske anplwaye bilding yo oblije pote yon kouvèti pou figi nan travay la?

Anplwaye bilding yo dwe pote yon kouvèti pou figi si yo pa kapab kenbe distans omwen 6 pye ant yo menm ak lòt moun yo. Manm anplwaye yo ta dwe genyen yon kouvèti pou figi ki prepare pou mete nan ka yon moun vini nan distans 6 pye de yo.

Èske administrasyon bilding lan bezwen bay kouvèti pou figi pou anplwaye bilding lan?

Administrasyon bilding lan bezwen bay kouvèti pou figi, san peye, ak anplwaye bilding lan. Administrasyon an ta dwe toujou kenbe yon rezèv apwopriye. Administrasyon an ta kapab pèmèt anplwaye yo pote pwòp kouvèti pou figi pa yo si yo satisfè nòm minimòm yo.

Ki sa yo konsidere kòm yon kouvèti pou figi ki akseptab?

Tanpri konsilte [Kesyon Moun Poze Souvan sou kouvèti pou figi yo](#).

Si anplwaye bilding yo pote kouvèti pou figi yo, èske yo bezwen kenbe distans 6 pye ant yomenm ak lòt moun yo?

Itilizasyon kouvèti pou figi yo pa ta dwe ranplase distans fizik. Anplwaye yo ta dwe rete omwen 6 pye distans de lòt moun kote sa posib. Lè distans fizik pa posib, anplwaye yo dwe pote yon kouvèti pou figi.

Jesyon Bilding lan an Jeneral

Èske sistèm vantilasyon an ka transmèt COVID-19? Ki mezi mwen ka pran pou pwoteje anplwaye yo ak lòt moun yo?

Prèv aktyèl yo limite epi yo pa sijere ke lè ki ap antre nan yon sistèm vantilasyon ap transmèt viris la. Sepandan, mouvman lè fò atravè espas ki soti nan inite èkondisyone, kanal lè yo oswa vantilatè yo (vantilatè anplwaye oswa pou chanm yo) ka deplase goutlèt pi lwen pase 6 pye.

Pran mezi sa yo pou amelyore vantilasyon, jan sa apwopriye pou espas ou a:

- Ogmante pousantaj lè ki soti deyò a, potansyèlman nan nivo 100% (premyèman verifye konpatibilite ak kapasite sistèm chofaj, vantilasyon, ak èkondisyone [heating, ventilation and air conditioning, HVAC] a pou ni kontwòl tanperati ak kontwòl imidite, ansanm ak konpatibilite ak konsiderasyon sou kalite lè ki soti deyò ak andedan an).
- Ogmante alimantasyon sikilasyon lè total nan espas okipe yo si sa posib.
- Dezaktive kòmman vantilasyon sou demann yo (demand-control ventilation, DCV) ki diminye alimantasyon lè a an fonksyon tanperati a oswa kantite moun ki nan sal la.
- Konsidere itilize vantilasyon natirèl (pa egzanp, ouvri fenèt yo si sa posib ak san danje pou fè sa) pou ogmante sikilasyon lè a lè kondisyon tanperati yo ak egzijans bilding lan pèmèt sa.
- Amelyore filtraj lè santral la nan nivo ki pi wo posib (MERV 13 oswa 14) san ou pa diminye siyifikativman sikilasyon lè a.
- Enspekte bwat ak griy filtè yo pou asire ke filtè yo byen ajiste epi verifye fason pou redwi derivasyon filtè yo.
- Konsidere kite sistèm vantilasyon an mach pandan moman ki pa gen moun yo pou maksimize dilisyon vantilasyon.
- Asire vantilatè echapman nan enstalasyon twalèt yo fonksyone epi opere nan tout kapasite lè espas travay la okipe.

Èske viris COVID-19 la pwopaje atravè pisin ak beny cho yo?

Pa gen okenn prèv ke COVID-19 kapab pwopaje bay moun atravè pisin ak beny cho yo. Jesyon, mentnans ak dezenfeksyon kòrèk (tankou avèk klò ak bwòm) nan pisin ak beny cho yo ta dwe retire oswa dezaktive viris ki lakòz COVID-19.

Sepandan, pandan genyen pwopagasyon kominotè COVID-19 la, rezidan yo ta dwe pratike ijyèn men pwòp ak distans fizik. Pwopriyete ak operatè bilding yo ta dwe reyalize netwayaj woutin sou sifas yo nan itilize metòd netwayaj ak dezenfeksyon ki apwopriye yo, nan prete atansyon espesyal ak sifas ak objè yo touche souvan yo (konsilte "[General Guidance for Cleaning and Disinfection for Non-Health Care Settings](#)" (Direktiv Jeneral pou Netwaye ak Dezenfekte Anviwònman ki pa Anviwònman Sante yo) nan [nyc.gov/health/coronavirus](https://www.nyc.gov/health/coronavirus) pou rekòmandasyon yo).

Èske yo ta dwe jere livrezon nan bilding yo (tankou manje, founiti oswa medikaman de baz yo) yon fason diferan?

Moun ki okipe bilding yo (anplwaye ak rezidan yo) ta dwe kenbe distans fizik lè yo ap pran pake yo, lèt yo, ak antre oswa sòti nan bilding lan. Apre yo fin jere lèt yo, tout moun ki okipe bilding lan ta dwe pratike ijyèn men pwòp. Nan gwo bilding yo kote yo kite pake yo nan lòbi a, anplwaye bilding lan gendwa konsidere ede rezidan yo nan kite livrezon yo deyò pòt apatman yo a.

Kèk sèvis livrezon (pa egzanp, Uber Eats, FreshDirect ak Amazon) genyen tou yon seksyon sèvis anliy pou "enstriksiyon espesyal" kote moun kapab antre plis enfòmasyon ak mande, pa egzanp, ke yo livre pake a nan pòt yo a, oswa voye mesaj tèks oswa rele ak kite pake (yo) nan pòt la nan yon efò pou redwi kontak moun ak moun ak touche sifas yo.

Kisa moun ki okipe bilding yo fè si genyen yon alam pou ensandi nan bilding lan?

Moun ki nan bilding lan ta dwe swiv pwotokòl pou nòm bilding lan si genyen yon alam pou ensandi epi sekirite pou ensandi a pa ta dwe konpwomèt. Yo ta dwe kontinye swiv kòd pou ensandi ak bilding yo epi pòt pou ensandi yo pa ta dwe rete ouvè. Ankouraje moun ki nan bilding yo kenbe omwen distans 6 pye youn ak lòt pandan yo ap soti nan bilding lan pandan yon ensidan konsa.

E si yo bezwen fè reparasyon nan yon inite (pa egzanp, plonbri oswa mentnans)?

Moun ki okipe bilding yo ak travayè yo ta dwe swiv aksyon prevantif nòmal yo, tankou pratike ijyèn men pwòp ak kenbe distans fizik pandan yo ap fè travay la. Moun ki ap fè travay yo ak travayè yo ta dwe konsidere tou pote kouvèti pou figi. Netwaye ak dezenfekte espas travay yo apre sa (konsilte "[General Guidance for Cleaning and Disinfection for Non-Health Care Settings](#)" (Direktiv Jeneral pou Netwaye ak Dezenfekte Anviwònman ki pa Anviwònman Sante yo) nan [nyc.gov/health/coronavirus](https://www.nyc.gov/health/coronavirus) pou plis enfòmasyon sou fason pou netwaye ak dezenfekte sifas yo.

Ki lòt fason pwopriyete bilding rezidansyèl yo ak direktè pwopriyete yo ede rezidan yo rete an sante ak redwi ilzòlman pandan moman sa a?

Si anplwaye bilding lan kapab, konsidere verifiye avèk rezidan bilding yo pa telefòn oswa pa mesaj tèks (pa an pèsòn) ki moun ki eksprime enterè nan tip kontak sa a.

Pou ou jwenn plis enfòmasyon ak sipò:

- Si ou bezwen yon founisè swen sante, NYC Health and Hospitals (Sant ak Lopital NYC) ap bay swen pou tout Moun New York, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon, sitiyasyon asirans oswa kapasite pou peye yo. Rele **844-692-4692** oswa **311**.
- Pou jwenn yon sit tès, vizite nyc.gov/covidtest oswa rele **311**.

Depatman Sante Vil New York la gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye.
6.26.20